

Akademi Kreyòl Ayisyen onore 3 Akademisyen vandredi 6 oktòb 2023



Soti a goch rive a dwat: Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste, Akademisyèn Adeline Magloire Chancy ak Akademisyen Pierre Michel Chéry.

Akademisyèn Adeline Magloire Chancy, yon vizyonè



Avèk 92 rekòt kafe sou tèt li, Adeline Chancy se dwayèn laj Akademi Kreyòl Ayisyen. Angajman ak kòkòday Akademisyèn nan ak lang kreyòl la pa date jodi a. Nan kòmansman lane 80 yo, nou jwenn Adeline Chancy nan zile Sechèl (Seychelles) nan mitan ekip ki t ap reflechi sou dat « 28 oktòb » kòm Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl. Se konsa, nou jwenn li nan Monreyal kòm yonn nan majòjon selebrasyon lang ak kilti kreyòl. Se tout kominote kreyolofòn sou latè ki ap fete jounen jodi 28 oktòb nan okazyon Selebrasyon Lang ak Kilti kreyòl.

Manm Akademi Kreyòl Ayisyen depi 2014, Akademisyèn Adeline Magloire Chancy te fè pati Komite pou tabli Akademi an (2008-2014). Li patisipe nan elaborasyon Lwa Kreyasyon Akademi an. Li te gen okazyon fè pati Konsèy Administrasyon AKA an. Akademisyèn Adeline Magloire Chancy jwe yon wòl enpòtan nan ankourajman travay pou kominikasyon piblik kote nan premye ane yo li ankouraje plizyè vizit nan medya, nan

enstitisyon piblik kou enstitisyon prive pou prezante AKA, misyon li ak vizyon li epi chache kolaborasyon enstitisyon yo pou pwomosyon ak devlopman lang kreyòl la.

Adeline Magloire Chancy okipe plizyè gwo fonksyon nan peyi a kote li kontribye nan fè pwomosyon lang ak kilti kreyòl. Nou jwenn li Sekretè Leta Alfabetizasyon, Minis Kondisyon Fanm, Atache kiltirèl nan plizyè òganizasyon nan peyi etranje bò kote kominote ayisyen an, sitou nan peyi Kanada kote li t ap viv pandan yon bon tan.

Nan kad travay li fè pou defann oswa fè pwomosyon lang ak kilti kreyòl, Adeline Chancy entèvni sitou nan domèn sa yo : Dwa fanm, Edikasyon, Dwa moun. Li anime plizyè konferans isit an Ayiti ak nan peyi etranje.

Li pibliye yon latrize atik ki gen pou wè ak lang kreyòl. Pami yo, nou jwenn : Poukisa 28 oktòb, Faculté de Droit des Gonaives, 2012 ; Batay pou alfabetizasyon se batay pou dwa fondamantal pèp la, Nouyòk, 1992 ; Konbit pou envante mo nèf, « Ile de la Réunion, 1985 ; Lagramè, Grammaire créole, Maison créole, Maison d'Haïti, Monreyal, 1982.

Akademi Kreyòl Ayisyen ap pwofite seremoni sa a pou li ofri Akademisyèn Adeline Magloire Chancy tit onorifik Emerit kote li rekonèt Akademisyen nan pa oblije atif nan tout aktivite AKA.

Se ak fyète ak onè, Akademi Kreyòl Ayisyen ap onore Akademisyèn Adeline Magloire Chancy ki pote tit Akademisyèn Emerit.

Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste, yon imanis



lang kreyòl la.

Soti 2014 pou rive 2018, Akademisyen Pauris Jean-Baptiste okipe fonksyon Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen. Sa fè li de (2) manda suivi-suivi nan tèt Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen (KAd). Nan ane 2015, Prezidan Akademi an siyen pou AKA yon patenarya avèk Minis Nesmy Manigat, MENFP non sèlman pou travay sou estandadizasyon òtograf lang kreyòl la men tou pou kore devlopman syantifik lang nan. Nan ane 2016, li lanse avèk Manm KAd la, Karavàn Akademi Kreyòl

Ayisyen nan vil Gonayiv, site Endepandans peyi nou. Karavàn nan rapousiv nan tout dis Depatman peyi a ak nan plizyè vil Etazini, Kanada...Nan ane 2017, sou Prezidans li, Akademi Kreyòl Ayisyen pibliye Premye Rezolisyon sou Òtograf lang kreyòl ayisyen an.

Jean Pauris Jean-Baptiste inisye epi patisipe nan divès inisyativ ki vize devlopman lang kreyòl la. Li te fè pati ekip ki t ap tradui Labib nan lang kreyòl ayisyen an. Li te travay bò kote ekriven tankou Emile Roumer, Mercedes Foucard Guignard (Deyita) ki te pwodui an kreyòl, Pauris Jean Baptiste te la nan ASKONNA (Asosyasyon Konbit Natif Natal), yonn pami premye tantativ refleksyon ak aksyon sou edisyon liv kreyòl. Nou jwenn Pauris Jean Baptiste nan ekip ki t ap mete Konstitisyon 1987 la nan lang kreyòl.

Jean Pauris Jean-Baptiste se yon ekriven touchatou ki pa pote plim li pou bèl lank. Ki fè, kontribisyon li nan anrichi patrimwàn literè lang kreyòl la kote li touche plizyè kategori literè tankou : pwezi, woman ak nouvèl. An 1985, avèk woman « Nan lonbray inosans», li dekwoche Prix Deschamps, yonn nan pi gwo distenksyon literè nan peyi Ayiti.

Pami liv Pauris Jean Baptiste pibliye yo, nou jwenn : Chwichevi Gran chemen (1975) ; Sogo nan kwazman gran chimen (1979) ; Lekti sou 2 chèz (1980) ; Istwa yon chat baka (1983) ; Lavi an miyèt (...) Deblo Zabèl Bobori(1996) ; 3 rekèy Koutflach sou pwovèb Ayiti... Li ekri plizyè tèks sou sitiyasyon peyi a.

Se ak fyète ak onè, Akademi Kreyòl Ayisyen ap onore Akademisyen Pauris Jean-Baptiste.

Sou chemen pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen, nan jefò pou lang kreyòl ayisyen an jwenn dwa grandèt majè li nan tout nivo nan sosyete ayisyen an, Jean Pauris Jean-Baptiste se yon atizan limyè, yon kreyolis venndegede. Manm Akademi Kreyòl Ayisyen depi 2014, Akademisyen Pauris Jean-Baptiste te fè pati Komite pou tabli Akademi an (2008 -2014). Li patisipe nan elaborasyon Lwa Kreyasyon Akademi an. Se yon Akademisyen pasyone ki mete tan li, plim li ak kouraj li disponib pou AKA, pou lang kreyòl la.

Akademisyen Pierre Michel Chéry, yon konbatan



Kreyolis jouk nan nanm, manm Akademi Kreyòl Ayisyen depi 2014, Pierre Michel Chéry te fè pati Komite pou tabli Akademi an (2008 -2014). Li patisipe nan elaborasyon Lwa Kreyasyon Akademi an. Akademisyen Chery se yon ekriven ayisyen ki chwazi manche plim li pou li pwodui sèlman nan lang kreyòl. Se yon konferansye touteren, yon Akademisyen enfatigab ki konsakre anpil enèji, anpil lanmou ak devouman nan divès aktivite Akademi Kreyòl Ayisyen reyalize pratikman nan tout Depatman jewografik peyi a.

Akademisyen Chery te fè pati Konsèy Administrasyon Akademi an de (2) okazyon. Kit se atravè karavàn aktivite Akademi an te tanmen soti ane 2016 pou rive 2018, kote AKA te ale toupatou nan peyi a, mache konte popilasyon an pou fè li pi byen konprann misyon, enpòtans ak wòl yon enstitisyon tankou Akademi Kreyòl Ayisyen pou lang kreyòl la, kit se nan patisipasyon li nan atelye ak komisyon Akademisyen, nan diferan deba sou sosyo lengwistik,

sou rapò ant lang ak edikasyon, kit se òganize fòmasyon pou plizyè sektè nan sosyete ayisyen an, an jeneral, Akademisyen Pierre Michel Chéry toujou reponn prezan.

Akademisyen Chéry patisipe nan plizyè fòmasyon pou ede plizyè gwoup sosyopwofesyonèl tankou jounalis, pwofesè kreyòl ak òganizasyon sosyal, gen bon jan zouti pou yo pi byen itilize lang kreyòl, san entèferans - yon fenomèn Akademisyen an rele

« Dekreyolizasyon ».

Kòm yonn nan ekriven ayisyen kontanporen ki manyen lang kreyòl la ak anpil ladrès, Pierre Michel Chéry pote yon kontribisyon san parèy pou ede literati natifnatal la kontinye devlope. Kiyès ki pa li oubyen tande pale menm pou yon fwa de woman « Bèbè Gòlgota » ? Poudayè, avèk woman sila a, Pierre Michel Chery resevwa Pri Jan Tanbou nan peyi Etazini an 2018. Isit an Ayiti menm, se pa pale: Mizapa li resevwa Pri, yo etidye zèv sa a nan Inivèsite, nan lekòl ; yo adapte l pou teyat; yo itilize l nan kad animasyon atelye ekriti ak lekti, pou nou site sa yo sèlman.

Pierre Michel Chéry se yon devouman san fay pou lang kreyòl la. Se angajman san kondisyon pou lang sa a. Li kwè lang kreyòl gen yon plas fondamantal nan devlopman peyi Ayiti. Pierre Michel Chéry ekri yon latriye atik sou lang kreyòl ak zèv otè kreyòl. Pierre Michel Chéryibliye plizyè woman apre Bèbè Gòlgota : Eryte Vilokan (2001) ; Senfoni Nago (2012) ; Dogid Atisou (2018) ; Peleren (2015) ...

Se ak fyète ak onè, Akademi Kreyòl Ayisyen ap onore Akademisyen Pierre Michel Chery